



**Olga Hugelmeyer, Ed.D**  
Sipèntandan Lekòl yo

**Amy L. Gil**  
Direktè Rechèch ak Evalyasyon

Jiyè 2025

Chè Paran/Gadyen:

Nan sezon prentan an, ptit ou a te patisipe nan administrasyon ACCESS pou ELL 2.0. ACCESS pou ELL 2.0 la se yon evalyasyon Konpetans pou sijè Anglè pou elèv ki nan klas Jadandanfan jiska 12yèm ane. Yo administre tès la chak ane pou édé lekòl yo ak distri a kontwole devlopman lang anglè elèv ki idantifye kòm moun k ap aprann lang anglè.

Objektif tès ACCESS pou ELL 2.0 a mezire kapasite jan elèv yo konprann epi pwodui anglè yo itilize nan lekòl. Yo tésté élèv yo nan Tandé, Lékti, Palé ak Ékriti.

Ptit ou a te patisipe nan pwogram ACCESS pou ELL 2.0 pandan ane lekòl 2024-2025 la paske yo te idantifye li kòm yon moun ki aprann plizyè lang. Pou plis enfòmasyon sou kijan yo te idantifye ptit ou a kòm yon moun ki aprann plizyè lang, ou ka kontakte Divizyon Edikasyon Bileng/ESL nan 908-436-5340.

Yo itilize nòt pou ACCESS ELL 2.0 a pou yo kontwole pwogrè ptit ou nan pwogram bileng lan. Yo itilize nòt la pou yo detèmine si ptit ou kalifye pou soti nan pwogram bileng lang. Pwofesè yo itilize nòt yo tou. Pwofesè yo itilize nòt elèv yo pou yo planifye ansèyman epi distri a itilize nòt elèv yo, pou yo evalye pwogram bileng lan.

Nan lèt sa a, w ap jwenn rapò nòt ACCESS ELL 2.0 ptit ou a, ansanm ak yon gid pou konprann nòt ptit ou a.

Pou kesyon espesifik konsènan pèfòmans ak pwogrè ptit ou a, tanpri kontakte lekòl ptit ou a dirèkteman.

Salitasyon,

Amy L. Gil  
Direktè Rechèch ak Evalyasyon

## Divizyon Rechèch ak Evalyasyon